

Liy Ijans 988 Florida a

Apèsi Jeneral

Liy Ijans 988 Florida a se yon sèvis ki bay sipò pou sante konpòtmantal ki gratis. Liy Ijans lan disponib nenpòt lè lajounen kou lannuit. Li pou moun ki ka genyen lide pou yo touye tèt yo, pwoblèm toksikomani, kris sante mantal, oswa nenpòt lòt kalite detrès emosyonèl. Liy Ijans sa a mete moun ki rele a an kontak avèk yon konseye kriz lokal. Konseye a kapab oryante moun ki rele a tou bay lòt opsyon swen lokal.

Gratis

Disponib 24 sou 24

Konfidansèl

Kòman Liy Ijans lan Fonksyone

Nenpòt moun kapab kontakte Liy Ijans 988 Florida pou yo jwenn èd rapid. Abitan Florida yo kapab jwenn sipò gratis yo bezwen pou yo jwenn yon retablisman sante mantal. Lòt sèvis yo disponib tou lè sa nesèsè.



Yon moun pou w pale:

Sant Telefonik Liy Ijans 988 Florida a sitiye li nan eta Florida a. Konseye kriz ki wotman kalifye yo pare pou yo ede w nenpòt lè nan jounen an oswa nan nuit la.



Yon moun pou reponn:

Si li ta nesèsè pou yo bay plis èd, konseye a kapab oryante moun ki rele a bay yon Ekip Entèkansyon Mobil. Se yon inite espesyal ki bay sipò sou plas pou moun ki genyen kriz sante mantal.



Yon kote pou w ale:

Ekip Entèkansyon Mobil la kapab mete moun ki rele a an kontak avèk yon inite estabilizasyon kriz si li ta bezwen swen espesyalize. Inite Estabilizasyon Kriz la bay swen sante mantal entansif a kou tèm pou moun ki nan yon kriz sante mantal ki grav.

Chak grenn Apèl Enpòtan

Pandan peryòd fiskal 2023-2024 la, Liy Ijans 988 Florida a,

Te reponn 120,318 apèl,
li te klase 4yèm nan
klasman nasyonal la.

Te rezoud 96% apèl yo
san li pa t transfere apèl la bay
yon Ekip Entèkansyon Mobil.

**Te oryante 62,168
moun ki te rele**
bay resous sante mantal ki
nan kominote moun ki rele a.

Pandan ane ki sot pase a,
**1,452 moun ki te ap eseye touye tèt yo
te resevwa sovtajan ijans**
atravè Liy Ijans 988 Florida a.

Tablodò Enfòmasyon yo

Tablodò Enfòmasyon Liy Ijans 988 Florida a bay plis enfòmasyon sou enpak Liy Ijans la avèk sèvis li yo genyen sou abitan Florida yo. Pou w konsilte Tablodò Enfòmasyon yo vizite sit entènèt Liy Ijans 988 Florida a.

Pou w aprann plis sou Liy Ijans 988 Florida a, sèvis li ofri yo, enpak li genyen sou kominote ki nan Florida yo, ak resous siplemantè yo, vizite sit entènèt Liy Ijans 988 Florida a.

988FloridaLifeline.com



988 | **FLORIDA
LIFELINE**



FLORIDA DEPARTMENT
OF CHILDREN AND FAMILIES